

Kenbe timoun yo an sekirite fas ak pwodwi Kanabis (marigwana) yo



Sirèt jele yo



Jele ki fèt ak Marigwana yo



Gato yo



Gato ki fèt ak Kanabis yo

Kanabis ke yo kapab manje yo se dwòg men yo ka sanble ak ti goute, sirèt ak pwodwi ki kwit. Manje pwodwi ki gen Marigwana ladan yo ka gen efè negatif sou timoun yo. Swiv etap sa yo pou ou kapab kenbe timoun yo an sekirite:

- Sere pwodwi ki gen marigwana yo kapab manje yo apa de lòt manje ak bwason yo. Toujou kenbe pwodwi marigwana yo yon kote ki an sekirite sètadi yon kote ke yo p ap wè yo epi timoun p ap ka manyen yo.
- Rekonèt sentòm anpwazònman kanabis yo, tankou pèt kowòdinasyon, dòmi anpil ak pwoblèm pou respire. Anpwazònman grav ka lakòz koma oswa nesesite pou timoun nan respire gras ak yon sistèm respirasyon mekanik.
- Rele Sant Kontwòl Pwazon New York la nan 212-764-7667 si w panse yon timoun ta manje yon bagay ki gen kanabis ladan l. Ou ka rele liy èd la 24 sou 24, 7 jou sou 7. Tout apèl yo gratis epi yo konfidansyèl. Gen sèvis entèpretasyon ki disponib tou.